



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 23.2 MILYA DOLA POU PWOJÈ KAPITAL NAN KAD BIDJÈ ANE FISKAL 2024 LA

*Gen 2.4 milya dola pou pwojè transfòmasyon, antretyen ak konsèvasyon SUNY
ak CUNY*

*Prèske 7.1 milya dola pou dezyèm ane yon Plan rekò DOT 32.9 milya dola, sou 5
ane*

1.7 milya dola pou finanse konplètman nouvo etablisman sante Wadsworth la

890 milyon dola pou ekspansyon lojman pou sante mantal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 23.2 milya dola investisman kapital nan kèk pwojè kle atravè New York kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la. Sa gen ladan l investisman istorik nan transpò, edikasyon, lojman, swen sante ak lòt pwojè enfrastrikti nan kominote yo atravè New York.

"Soti nan repara pon nou yo rive nan envesti nan edikasyon ak swen sante, Bidjè sa a priyorite bezwen kominote nou yo pandan n ap kontinye konstwi yon pi bon New York pou tout moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou fè investisman enpòtan nan pwojè kapital kle atravè eta nou an, n ap poze fondasyon pou yon avni ki pi solid, ki pi rezistan pou chak Nouyòkè."

Pandan n ap fè investisman priyorite pou prezève ak amelyore enfrastrikti Eta a, plan Gouvènè a kenbe abòdabilite nan pwofite fon enfrastrikti federal yo epi itilize resous PAYGO (lajan kach) pou konpanse emisyon obligasyon yo.

Investisman Kapital kle nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la gen ladan:

- Prèske **7.1 milya dola** pou dezyèm ane yon Plan rekò DOT 32.9 milya dola, sou 5 ane, ki gen ladan:
 - **1.3 milya dola** nan finansman lokal pou pwojè wout ak pon, ki se yon ogmantasyon prèske 80 pousan nan finansman pou lokalite yo nan twa dènye ane yo.

- **417 milyon dola** pou ranplasman pon Bronx River a pou amelyore sekirite ak konfò pou chofè yo sou Bronx River Parkway la.
- **43 milyon dola** pou ranplase pon US Route 20 sou Cazenovia Creek nan vil Elma ak West Seneca.
- 51 milyon dola** pou plizyè reyabilitasyon ak ranplasman Pon Hudson Valley.

- **2.4 milya dola** pou pwojè transfòmasyon, antretyen ak prezèvasyon nan kanpis SUNY ak CUNY yo.
- **1.7 milya dola** pou finanse totalman nouvo etablisman sante Wadsworth la -- yon laboratwa sante piblik modèn nan Konplèks Kanpis Biwo Eta Harriman (Harriman State Office Campus Complex) nan Albany ki pral sèvi bezwen sante piblik Eta New York la.
- **1 milya dola** nan kapital swen sante pou kreye yon sistèm swen sante ki pi solid pou lavni.
- **890 milyon dola** pou ekspansyon lojman pou sante mantal.
- **500 milyon dola** sibvansyon pou ede bay dlo pwòp nan kominote New York yo. Faz finansman sa a konplete yon angajman 5 milya dola pou plizyè ane.
- **455 milyon dola** nan otorite kapital pou pwojè Redevlopman Belmont lan.
- **400 milyon dola** pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF), ki an akò avèk bidjè ane pase a - angajman ki pi wo nan listwa.
- **224 milyon dola** pou finanse Dig South Shore Staten Island lan.
- **150 milyon dola** pou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) yo.
- **135 milyon dola** pou Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) la.
- **105 milyon dola** pou amelyore Sant Operasyon Ijans Eta a, ki sèvi kòm yon lokal santralize kote aktivite preparasyon ak repons pou ijans Eta a kowòdone pou tout gwo ijans yo.
- **100 milyon dola** pou achte ak renove yon nouvo laboratwa krim satelit pou Polis Eta a. Nouvo etablisman sa a pral elimine twòp moun nan Sant Envestigasyon Legal (Forensic Investigation Center) la epi bay espas pou inisyativ kont vyolans ak zam.
- **50 milyon dola** pou yon Fon Estabilizasyon Pwopriyetè Kay pou finanse reparasyon kay nan 10 kominote atravè eta a ke yo te idantifye kòm kote ki gen pwopriyetè koulè ki gen revni fèb ak pwopriyetè ki an detès ki elve. Pwogram nan kopye sou Pwogram Amelyorasyon Pwopriyetè Kay 10 milyon dola Buffalo East la, ki te anonse pa Gouvènè Hochul [an jiyè 2022](#), ki te bay pwopriyetè kay ki gen revni fèb nan kominote koulè yo sibvansyon jiska 35,000 dola.
- **30 milyon dola** nan finansman total pou sipòte zou, jaden botanik ak akwaryòm New York yo. Sa enkli 20 milyon dola nan 400 milyon dola pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund) la ki enkli nan Bidjè Anw Fiskal 2024 la.
- **17.5 milyon dola** pou konsepsyon ak konstriksyon final Pwojè Jesyon Risk Inondasyon Mamaroneck ak Sheldrake River a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418